

# KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



## MEMORANDÒM

**Pou :** Komite Skolè Boston  
**Sot nan men :** Jeri Robinson, Prezidan Komite Skolè Boston  
**Sijè a :** Rekòmandasyon Doktè Drew Echelson kòm Sipèentandan Pwovizwa  
**Dat la :** 21 jen, 2022

---

Kòm ou deja konnen, depi mas Komite Rechèch pou nouvo sipèentandan an ap travay di, kote ke li t ap enkòpore yon kokenn chenn kantite kòmantè kominote a nan deksripsyon pòs sipèentandan an, nan egzaminasyon kandidati yo, ak nan etablisman plizyè tou entèvyou avèk kandida yo. Komite Rechèch la arive tèmine travay li, e li rekòmande finalis yo bay Komite Skolè a pou konsiderasyon li. Nou atann pwograme divès entèvyou piblik semèn sa a, 23 ak 24 jen, e sa fè m plezi anpil, e mwen espere ke Komite a va vote pou ofri youn nan finalis yo pòs sipèentandan an avan depa Doktè Cassellius, jou 30 jen.

Mwen konsyan ke distri a bezwen stabilite nan anviwònman travay ijan l ap fè pou l transfòme sistèm skolè nou an a yon fondasyon pou mete sou pye divès kominote ki an sante e k ap pwospere : divès diskisyon kontinyèl avèk DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a) pou abòde Egzaminasyon Distri a ki te fèt an me 2022, divès negosyasyon avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union), ak preparasyon pou aprantisaj k ap pral fèt pandan ete a ak pandan ane skolè 2022-2023 a. Pou asire kontinite divès operasyon Lekòl Piblik Boston pandan peryòd tranzisyon sa a, mwen t ap travay ansanm avèk Ekip Lidèchip Prensipal Lekòl Piblik Boston an ak Biwo Majistra a pandan dènye mwa ki sot pase yo pou prepare pou premye jou pwochen Sipèentandan an. Pakonsekan, tanpri asepte rekòmandasyon m bay Komite Skolè a pou nominasyon Doktè Drew Echelson, Depite Sipèentandan Afè Akademik Lekòl Piblik Boston, kòm Sipèentandan Pwovizwa, apati 30 jen, 2022.

Dòkte Echelson ap sèvi kòm Depite Sipèentandan nan Lekòl Piblik Boston depi 2020, e li te sèvi kòm Sipèentandan Lekòl nan vil Waltham (nan Massachusetts). Nan wòl aktyèl li, Doktè Echelson sèvi kòm Ofisyè Akademik an Chèf, kote ke l ap sipèvizè, pami kèk lòt biwo, Biwo Edikasyon Espesyal la ak Biwo Elèv Miltileng lan – de (2) zòn kritik ki mande refòm dirab e konsyan pou reponn a bezwen elèv Lekòl Piblik Boston yo. Nan mwa resan yo, Doktè Echelson arive jwe yon wòl entegral nan divès negosyasyon kontinyèl k ap fèt avèk Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE), ansanm ak Sendika Pwofesè Boston an (BTU). Doktè Echelson pa t yon kandida pou pòs Sipèentandan an, e li byen pozisyon pou l asiste pwochen lidè distri a nan tranzisyon l ap pral fè pou l etabli l nan pòs la.

Memo Prezidan an bay Komite Skolè Boston an

Osiyè : Rekòmandasyon Doktè Drew Echelson kòm Sipèentandan Pwovizwa (Enterimè)

21 jen, 2022

Paj 2

Nominasyon Doktè Echelson ta kouvri peryòd tan sa a ant depa planifye Doktè Cassellius la ak dat nouvo Sipèentandan an ap kòmanse a. Mwen kwè ke nominasyon pwovizwa sa a nesèsè pou yon tranzisyon byen swa kapab fèt e pou asire ke travay kritik distri a kapab kontinye avèk fèmte an favè elèv nou yo.

Mwen espere avanse byen rapid avèk nominasyon Doktè Echelson pou bay distri a stabilite nesèsè pandan peryòd tranzisyon sa a, e mwen rekonesan pou patenarya w ak devosyon w an favè jèn Boston yo. M ap mande Komite a aji sou rekòmandasyon sa a nan reyinyon n ap fè jou 29 jen, 2022 a.